


Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



Lavi Yon Disip

Sa gen trantan nan Gana, yon jèn etidyan inivèsite ki rele Doe te antre nan yon sal reyinyon Sen Dènye Jou (SDJ) pou lapremyè fwa. Se yon zanmi fi ki te envite Doe pou l te akonpaye l, epi Doe te anvi konnen kijan Legliz la fonksyone.

Moun yo te tèlman janti ak akeyan ke li pa t kapab anpeche tèt li mande: “Ki kalite Legliz sa a?”

Doe te santi l sitèlman enpresyone ke l te deside aprann plis sou Legliz la ak manm li yo, ki te ranpli ak si anpil lajwa konsa. Men osito ke l te kòmanse fè sa, te gen kèk fanmi ak zanmi byen entansyone ki te kòmanse opoze avèk li nan tout bagay. Yo te di bagay tèrib sou Legliz la epi yo te fè tout sa yo te kapab pou te fè l chanje lide.

Men Doe te resevwa yon temwayaj.

Li te gen lafwa, e li te renmen levanjil la, ki t ap ranpli lavi l avèk jwa. Epi se konsa, li te antre nan dlo batèm yo.

Aprè sa, li te lage kò l nan etid ak lapriyè. Li te jene epi li te chèche enfluyans Sentespri a nan lavi l. Kòm rezilta, temwayaj Doe ak lafwa li te vin pi fò ak pi pwofon. Finalman, li te deside fè yon misyon apentant pou Senyè a.

Lè l te retounen apre li te fin fè misyon an, li te fè sòti an koup epi li te marye avèk yon ansyen misyonè – egzakteman misyonè ki te batize l la kèk ane anvan sa a – epi yo te sele apre sa nan Tanp Johannesburg la nan Afrik di Sid.

Sa gen plizyè ane depi Doe Kaku te premye fè eksperyans lajwa ki genyen nan levanjil Jezikri a. Pandan tan sa a, lavi a pa t toujou dous pou li. Li te andire pati chagren

ak dezespwa pa l, enkli lanmò de pitit—gwo doulè eksperyans sa yo toujou peze lou sou kè li.

Men li menm ak mari l la, Anthony, te fè efò pou youn vin pi pre lòt ak pi pre Pè Selès byenneme yo a, ke yo renmen ak tout kè yo.

Jodi a, 30 tan apre l te antre nan dlo batèm yo, Sè Katu fèk sot fini yon lòt misyon apentant—fwa sa a bò kote mari li, ki te prezidan misyon nan Nijerya.

Moun ki konnen Sè Kaku di gen yon bagay espesyal nan li. Li briye tankou yon limyè. Li difisil pou yon moun pase yon ti tan avèk li san moun sa a pa santi l pi kontan pase jan l te ye anvan.

Temwayaj li sèten. Li di : “Mwen konnen Sovè a wè m kòm pitit fi L ak zanmi L (gade Mozya 5:7 Etè 3:14,” li te di. “Epi m ap aprann ak fè efò pou m zanmi L tou – non sèlman nan sa m ap di men nan sa m ap fè tou.”

Nou se Disip

Istwa Sè Kaku a sanble avèk pa anpil lòt moun. Li te gen yon dezi pou l te konnen laverite, li te fè efò ki te nesèsè pou l te ka jwenn limyè espiritiyèl, li te demontre lanmou l pou Bondye ak pwochen l yo, e pandan tan sa a li te pase pa eprèv ak chagren.

Men malgre tout opozisyon, malgre tout chagren li te rankontre, li te kontinye avanse nan lafwa. Epi sa ki osi enpòtan tou, li te kenbe lajwa li. Li te jwenn yon fason pou l te non sèlman andire difikilte lavi yo men pou l te pwogrese malgre yo tou!

Istwa l la sanble ak istwa pa w ak pa mwen.
Li ra pou vwayaj nou swa oswa san eprèv.
Nou chak gen lapenn pa nou, desepsyon pa nou,
chagren pa nou.

Nou kapab menm santi nou dekouraje e pafwa
boulvèse.

Men, moun ki mennen yon lavi disip – ki rete fidèl e
ki kontinye avanse ak lafwa; ki mete konfyans yo nan
Bondye epi ki respekte kòmandman L yo;¹ ki viv levanjil
la chak jou ak chak moman; ki rann moun ki bò kote yo
sèvis, yon bon aksyon alafwa – se moun ki gen ti aksyon
piti yo souvan fè yon gwo diferans.

Moun ki yon tijan pi janti, yon ti jan pi padonan, ak yon
ti jan gen plis mizèrikòd yo, se moun sa yo ki pral resevwa
mizèrikòd.² Moun ki fè mond sa a vin yon pi bon kote nan
bay atansyon ak lanmou alafwa, e ki ap fè efò pou yo viv
lavi beni, satisfèzan ak pezib yon disip Jezikri se yo menm
ki ap jwenn lajwa finalman.

Y ap konnen ke “lanmou Bondye ki antre nèt nan kè
piti lèzòm . . . li pi dezirab pase tout bagay . . . pa gen
anyen ki kapab fè yon moun pi kontan pase sa.”³

NÒT

1. Gade nan Mozya 4:6
2. Gade Matye 5; 7
3. 1 Nefi 11: 22-23

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Uchtdorf anseye nou ke chemen disip la
difisil men moun ki viv “lavi pezib yon disip Jezikri se yo
menm ki ap jwenn lajwa finalman.” Menmjan Prezidan
Uchtdorf rakonte istwa Doe a pou montre kijan yon vrè
disip Kris la kapab jwenn lapè ak lajwa malgre eprèv lavi
yo, ou gen dwa anvizaje pataje yon istwa ki pase nan
pwòp lavi pa w sou rezon ki fè w chwazi pou w suiv Kris

la ak kijan Li fòtifye w. Lè w santi Lespri a dirije ou, pata-
je istwa pèsònèl ou kapab fòtifye moun w ap anseye yo.

JÈN YO

Lajwa antanke Disip Jezikri

Èske w janm pase yon move jounen? Kisa w te fè pou
te ankouraje ou? Prezidan Uchtdorf konnen ke “nou
chak gen lapenn pa nou, desepsyon pa nou, chagren
pa nou. Nou kapab menm santi nou dekouraje e pafwa
boulvèse.”

Solisyon li se viv sa li rele “yon lavi disip”: “rete fidèl
epi kontinye avanse ak lafwa.” Lè nou avanse ak lafwa,
nou kapab fè Bondye konfyans, respekte kòmandman
L yo, epi sèvi lòt moun – epi santi lajwa pandan n ap fè
bagay sa yo! Jan Prezidan Uchtdorf te di a, “Moun ki
viv yon lavi disip . . . se moun ti aksyon yo souvan fè yon
gwo diferans.”

Anvizaje fè yon lis fason nou ka viv yon lavi disip.
Pa egzanp, ou ta kapab ekri yon ide sèvis tankou “Ede
yon paran prepare manje” oswa yon ide pou respekte
kòmandman yo tankou “Priye pou m gen plis pasyans
avèk frè ak sè m yo.” Pwochèn fwa w santi w fristre
oswa boulvèse, rale lis ou a, chwazi yon ide, epi eseye !!

TIMOUN

Tan kè kontan ak Tan tristès

Gen kèk jou kote bagay yo pa twò bon. E sa nòmàl.
Jezi kapab ede nou travèse yo.

Desine figi yon moun ki fache. Kijan Jezi kapab ede
w lè w tris? Kounyeya desine figi yon moun k ap souri.
Kijan Jezi kapab ede nou vin kontan?



Lafwa, Fanmi, Sekou

Viv yon lavi konsakre

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou w ka konnen kisa pou w pataje. Kijan konprann bi Sosyete Sekou a ap prepare pitit fi Bondye yo pou benediksyon lavi etènèl yo?

Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Konsakre vle di mete apa oswa dedye yon bagay kòm sakre, konsakre pou bi sen.” “Vrè siksè nan vi sa a vini lè nou konsakre lavi nou – sa vle di tan nou ak chwa nou yo – pou bi Bondye.”¹

Èldè Neal A. Maxwell (1926–2004) nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Nou gen tandans pou nou panse a konsekrasyon sèlman kòm abandone byen materyèl nou yo, lè nou resevwa enstriksyon diven pou nou fè sa. Men konsekrasyon final la vle di abandone tèt nou bay Bondye.”²

Lè nou konsakre tèt nou pou bi Bondye yo, lafwa nou nan Jezikri ak nan Sakrifis Ekspyatwa L la ap ogmante. Lè nou viv yon lavi konsakre, nou kapab vin sen gras ak aksyon sa yo.

Carole M. Stephens, Premyè Konseyè nan Prezidans Sosyete Sekou a, te di: “Èldè Robert D. Hales te anseye: ‘Lè nou fè alyans epi nou respekte yo, nou soti nan mond lan epi nou antre nan wayòm Bondye a.’”

“Nou chanje. Nou parèt diferan, epi nou aji diferan. Bagay nou kouste, sa nou li ak sa nou di diferan, epi rad nou mete diferan paske nou vin tounen pitit fi Bondye ki lye avèk Li pa alyans.”³

Konsekrasyon se alyans Bondye fè “avèk kay Izrayèl la; Apre jou sa yo, Se Senyè a menm ki di sa, M ap ap mete prensip mwen yo anndan kè yo, m ’ap ekri l nan kè yo; epi M ap vin tounen Bondye yo, epi y’a tounen pèp mwen” (Jeremi 31:33). Viv yon lavi konsakre se yon bagay ki an amoni avèk plan Bondye pou nou.

Ekriti adisyonèl

1 Tesalonisyen 1:3; Doktrin ak Alyans 105:5; reliefsociety.lds.org

NÒT

1. D. Todd Christofferson, “Reflections on a Consecrated Life,” *Liahona*, Nov. 2010, 16.
2. Neal A. Maxwell, “Consecrate Thy Performance,” *Liahona*, Jiyè 2002, 39.
3. Carole M. Stephens, “Wide Awake to Our Duties,” *Liahona*, Nov. 2012, 115–16.

Konsidere sa

Kijan konsakre lavi nou bay Senyè a ede nou vin pi sanble avèk Li?